

AYA OPAT BEBENERAN ANU URANG KEDAH NGARTOS SAPINUHNA:

1 ALLAH MIKANYAAH URANG.

GUSTI HOYONG ANJEUN GADUH HIRUP LANGGENG SARENG ANJEUNNA DI SAWARGA.
Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng. YOHANES 3:16

GUSTI HOYONG ANJEUN GADUH KAHIRUPAN ANU BERMAKNA.
Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup. YOHANES 10:10

TAPI, SEUEUR JALMA ANU HENTEU NGALAMAN KAHIRUPAN ANU BERMAKNA SARENG HENTEU YAKIN KANA KAHIRUPAN ANU LANGGENG SABAB ...

2 MANUSA TÉH DOSA KU ALAM. JADI MANÉHNA PAPISAH JEUNG ALLAH.

URANG SADAYA JELEMA DOSA.
Kabeh geus dosa, jarauh ti Allah anu iasa nyalametkeun. RUM 3:23

HUKUMAN PIKEUN DOSA NYAÉTA MAOT.
Upahna dosa teh maot... RUM 6:23

AYA DUA JINIS MAOT ANU DISEBATKEUN DINA KITAB SUCI:

- MAOT FISIK
Saban jelema kudu maot ngan sakali, tuluy dibawa ka pangadilan Allah. IBRANI 9:27

- PATI ROHANI ATAWA PISAHKEUN TI ALLAH
Sabalikna anu jejerih ku paeh, anu hianat, anu murtad, anu maehan, anu tuna susila, tukang sihir, anu muja brahala, jeung tukang bohong, bagianana paeh kadua, nya eta lautan seuneu jeung walirang. WAHYU 21:8

LAMUN MANUSA PAPISAH JEUNG ALLAH LANTARAN DOSA, NAON SOLUSI PIKEUN MASALAH IEU?
URANG SERING NGANGGAP IEU SALAKU SOLUSI:

AGAMA, AMAL SOLEH, AHLAK

SANAJAN KITU, NGAN AYA HIJI SOLUSI DISADIAKEUN KU ALLAH.

3 YESUS KRISTUS NYAÉTA HIJI-HIJINA JALAN KA SAWARGA.

IEU NAON CEUK ALLAH.
Waler Gusti ka Tomas, "Kami jalanna, Kami kayaktian, Kami sumberna hirup. Ku sabab eta, lamun henteu ku jalan Kami, moal aya anu bisa datang ka Rama." YOHANES 14:6
YESUS KRISTUS PINUH MAYAR HUKUMAN PIKEUN DOSA ANJEUN.
Kristus oge nepi ka pupus teh lantaran dosa manusa kabeh. Anjeunna nu tanpa dosa nalangan nu daroraka, malar iasa ngadeuheuskeun manusa ka Allah. Anjeunna mungguhing badaniah ditelasan, tapi dihirupkeun deui dina kaayaan roh. Anjeunna nu tanpa dosa teh, cukup ngan ku sakali bae pikeun salalawasna, nalangan pati nu daroraka. 1 PETRUS 3:18
ALLAH BOGA JANGJI HIRUP LANGGENG.
Saha bae anu percaya ka Putra-Na bakal meunang hirup langgeng; tapi anu teu anut ka Putra-Na, moal boga hirup, sabalikna bakal tetep aya dina hukuman Allah. YOHANES 3:36

SANAJAN KITU, TEU CUKUP NGAN NYAHO NAON YESUS KRISTUS GEUS DIPIGAWÉ PIKEUN URANG.

4 URANG KEDAH IMAN KA GUSTI YESUS KRISTUS PIKEUN KASALAMETAN URANG.

KASALAMETAN URANG DIMUNGKINKEUN KU RAHMAT ALLAH NGALIWATAN IMAN KA YESUS KRISTUS.
Aranjeun oge pang salamet teh ku karana sih kurnia Allah lantaran percaya ka Yesus, nugraha ti Allah, lain beunang ihtiar sorangan. Moal aya jelema anu salamet ku ihtiarna sorangan, jadi ulah nyombong ku hal eta. EPESUS 2:8-9

SEBUTKEUN DOA IEU KA GUSTI KALAYAN IMAN:

GUSTI YESUS, HATUR NUHUN PISAN PIKEUN CINTA HÉBAT ANJEUN PIKEUN KURING. KURING NGAKU YÉN KURING DOSA SARENG KURING NYUHUNKEUN PANGHAMPURA. HATUR NUHUN PIKEUN MAOT DINA KAYU SALIB PIKEUN MAYAR HUKUMAN PIKEUN DOSA KURING. ABDI PERCANTEN KANA KABANGKITAN ANJEUN TINA MAOT. TI AYEUNA, ABDI PERCANTEN KA ANJEUN SALAKU GUSTI JEUNG JURUSALAMET ABDI. ABDI NAMPI KADO ANJEUN TINA HIRUP LANGGENG SARENG KURING PASRAHKEUN KAHIRUPAN KURING KA ANJEUN. BANTOSAN ABDI PIKEUN NURUT KANA PARENTAH-PARENTAH GUSTI SARENG JANTEN SAE DI PAYUNEUN GUSTI. AMIN.

UPAMI ANJEUN PERCANTEN KA YESUS KRISTUS, HAL-HAL IEU PARANTOS KAJANTENAN KA ANJEUN:

- ANJEUN KAHIRUPAN LANGGENG JEUNG ALLAH.
Kitu kahoyong-Na Rama Kami, sakur anu geus narenjo jeung percaya ka Putra-Na, kabeh kudu diganjar hirup langgeng. Anu matak dina Poe Kiamat tangtu maranehna ku Kami diharudangkeun sina harirup deui. YOHANES 6:40
- SADAYA DOSA ANJEUN DIHAMPURA.
(BAHEULA, AYEUNA, KAHAREUP)
Urang ku Mantenna geus dijait tina genggeman kawasa poek, salamet dicandak ka karajaan Putra-Na kaasih, anu geus ngabebaskeun urang, tegesna ngahampura dosa-dosa urang. KOLOSA 1:13-14
- ANJEUN MAHLUK ANYAR SAKABEH DI PAYUNEUN ALLAH.
IEU MIMITI KAHIRUPAN ANYAR ANJEUN.
Jalma anu geus satunggal jeung Kristus, geus jadi manusa anyar, manusa heubeulna geus sirna, kari anu anyarna. 2 KORINTA 5:17
- ANJEUN AYEUNA ANAK ALLAH.
Tapi loba oge anu narima jeung palercaya ka Anjeunna teh; jelema-jelema anu kitu ku Anjeunna dipaparin hak jadi putra-putra Allah. YOHANES 1:12

NGALAKUKEUN AMAL SOLEH LAIN SARANA PIKEUN KASALAMETAN, TAPI BUKTI KASALAMETAN URANG.

Aranjeun oge pang salamet teh ku karana sih kurnia Allah lantaran percaya ka Yesus, nugraha ti Allah, lain beunang ihtiar sorangan. Moal aya jelema anu salamet ku ihtiarna sorangan, jadi ulah nyombong ku hal eta. EPESUS 2:8-9

Risalah Injil ieu gratis. Henteu dijual.